



## If you are a noncustodial parent and the custodial parent threatens your safety, read on.

There are actions you can take to protect yourself.



**Call 911** if you are in immediate danger or **visit your local police precinct** if you are not in immediate danger. File police reports, when possible, to document the circumstance.



NYC Police Precincts



### Keep your address and employer location confidential

- Ask the Office of Child Support Services (OCSS) to keep your address and employer information confidential. The contact flyer link is at the bottom of the page.
- Ask the Family Court to keep your address confidential. Learn more at <https://bit.ly/confidential-address>.
- Ask the NYS Address Confidentiality Program how to keep your current or future address confidential. Learn more at <https://dos.ny.gov/ACP>.



NYC Family Court



NYS ACP



**Request an order of protection.** Learn more at <https://bit.ly/orders-protection>.



Order of protection



### Limit interaction with the other parent

- Contact your local Family Court for assistance on how you can request to appear in Court either virtually or by phone.
- Ask the Court Officer to safely escort you out of the court room and the building.
- Consider using a co-parenting app to communicate with the other parent.



For visitation with your child, **petition the court for supervised visitation** or seek information on **safe exchange for visitation locations** in NYC.



For court-ordered genetic testing, **request appointments on separate times and days** when you call the number on the referral the court gives you to setup your test.

## Need help?

**NYC Office of Child Support  
Services (OCSS)**  
<https://on.nyc.gov/contactocss>

**NYC Family Court**  
<https://NYCOURTS.GOV>

**NYS Office for the Prevention of  
Domestic Violence**  
<https://opdv.ny.gov>



## Si ou se yon paran ki pa gen gad epi paran ki gen gad la menase sekirite ou, kontinye li.

Gen aksyon ou ka pran pou pwoteje tèt ou.



**Rele 911** si ou an danje imedya oswa **vizite komisarya lapolis lokal** ou a si ou pa an danje imedya. Depoze rapò lapolis, lè sa posib, pou dokimante sityasyon an.



Komisarya Polis NYC



### Kenbe adrès ou ak kote patwon ou ye a konfidansyèl

- Mande Biwo Sèvis Sipò pou Timoun (Office of Child Support Services, OCSS) pou kenbe adrès ou ak enfòmasyon sou anplwayè ou konfidansyèl. Lyen pou feyè kontak la anba paj la.
- Mande Tribinal Fanmi an pou kenbe adrès ou konfidansyèl. Aprann plis nan <https://bit.ly/confidential-address>.
- Mande NYS Address Confidentiality Program kijan pou kenbe adrès ou kounye a oswa adrès ou nan lavni konfidansyèl. Aprann plis nan <https://dos.ny.gov/ACP>.



Tribinal Fanmi NYC



NYS ACP



**Mande yon lòd pwoteksyon.** Aprann plis nan <https://bit.ly/orders-protection>.



Lòd pwoteksyon



### Limite entèraksyon ak lòt paran an

- Kontakte Tribinal Fanmi lokal ou pou jwenn asistans sou kijan ou ka mande pou parèt nan tribinal swa vityèlman oswa pa telefòn.
- Mande ajan sekirite tribinal la pou akonpaye ou an sekirite pou soti nan sal tribinal la ak nan bilding lan.
- Konsidere sèvi ak yon aplikasyon ko-parantaj pou kominike ak lòt paran an.



Pou vizit ak pitit ou, **depoze yon petisyon nan tribinal la pou vizit sipèvize** oswa chèche enfòmasyon sou **kote ki an sekirite pou echanj pou vizit** nan NYC.



Pou tès jenetik tribinal la mande, **mande randevou nan lè ak jou separe** lè ou rele nimewo ki sou referans tribinal la ba ou pou mete tès ou a sou pye.

## Ou bezwen èd?

**Biwo Sèvis Sipò pou Timoun NYC**  
(NYC Office of Child Support  
Services, OCSS)  
<https://on.nyc.gov/contactocss>

**Tribinal Fanmi NYC**  
<https://NYCOURTS.GOV>

**NYS Biwo pou Prevansyon  
Vyolans Domestik**  
<https://opdv.ny.gov>